

Ati Max Gesner Beauvoir, yon houngan syantifik

Un entretien avec Rachel Beauvoir Dominique

Ary Régis

Résumé : Max Gesner Beauvoir était le premier Ati national, le premier chef suprême du vodou haïtien organisé et en processus de modernisation. Il était très curieux, avec un sens de l'humour très poussé et un esprit ouvert doublé d'un esprit critique. Modeste, prêt à apprendre même du plus petit et à partager son savoir avec tous ceux qui venaient à lui. Il a su marier cette soif d'apprendre avec la rigueur scientifique et était capable de voir les phénomènes à partir de différentes approches. En lui, co-existaient le scientifique qui, dans son laboratoire à Montrouis, a pu découvrir une méthode permettant d'extraire l'hécogénin du jus de sisal, base des médicaments appelés les «corticostéroïdes» et le houngan qui a construit un savoir sur le potentiel des plantes médicinales à partir de l'expérience de la vie et de l'héritage vodou de la famille. Celui qui a organisé le vodou haïtien, lui a restitué sa place dans la société haïtienne, qui l'a scruté à travers ses recherches et l'a défendu ici et ailleurs; cet homme, c'est Max Gesner Beauvoir, un mélange de scientifique et de houngan, qui « a traversé » récemment à l'âge de 79 ans. Il nous est présenté à travers le prisme de l'anthropologue Rachel Beauvoir Dominique, sa fille, qui a reçu Haïti Perspectives dans la propriété familiale de Mariani.



Rezime : Max Gesner Beauvoir te premye Ati nasyonal Ayiti, premye chèf siprèm vodoun ayisyen òganize a, epi ki nan pwosesis modènizasyon li. Max se yon moun ki te gen yon lespri foyapòt. Se te yon blagè, ak yon lespri laj, makònen ak yon lespri kritik. Ati Max Beauvoir te yon moun senp, ki te toujou pare pou li aprann nan men mounn ki pi piti pase li, men li te toujou pare pou li pataje konesans li ak tout moun ki te abòde li. Li te rive konekte anvi aprann li an avèk lojik syantifik la, epi li te rive analize divès fenomèn ki parèt devan li apati plizyè apwòch diferan. Max Beauvoir, se te konbinezon yon syantifik epi yon houngan. Se syantifik la, ki te rive dekouvri yon fòmil ki te pèmèt li retire, nan ji fèy pit, baz medikaman yo rele kòtizo-esteroyid yo. Se houngan an, ki te bati yon chan konesans sou potansyèl plant medikal yo apati eksperyans li nan lavi epi eritay vodou a ki soti nan fanmi li. Houngan Beauvoir, se moun ki te òganize vodou a pou li te kab jwenn plas li nan sosyete Ayiti a. Ati Max Beauvoir te sèvi ak rechèch li yo pou li te bay vodou a yon baz solid epi pou li te defann li nan peyi a kou aletranje. Gason solid, ki te rele Max Gesner Beauvoir la, se te yon melanj, houngan epi syantifik. Pa gen lontan, li te genyen 79-an. Se antwopològ Rachel Beauvoir Dominique, pitit fi li, ki te pale sou li ak Haïti Perspectives, nan divès dimansyon li, kòm Ati, anndan kay fanmi an nan Maryani.

YON FOUYAPÒT KI TE AP BOUSKE KONESANS

Max – se konsa Rachel te konn rele papa li – se te yon moun ki te foyapòt depase. Li te pran plezi nan tout bagay. Li te gen je klere, tout bagay te enterese li. Ou mèt pale li de nenpòt ki sijè li derape avè w li ap koute w pou li kapab aprann. Sa te etone anpil moun, paske nan tiboujwazi ak klas mwayèn yo, yo aprann nou lekòl « moun sa yo » yo pa konnen. Epoutan, papa mwen te chita nan pye houngan yo. Trè souvan, se pa mande pou w mande non, se koute pou w koute, pou w ka aprann... Donk, se nen fen, swaf aprann sa a, makonnen ak fòmasyon li, rigueur scientifique lan, ki te oryante li. Epi, sètènman te gen kèk bagay li pat konprann epi sa te fè li vin houngan. Sa se lamodesti ki te lakay li ki te fè li evolue de savwa a lakonesans. Epi se nosyon sa a Max te genyen de Bondye a, se sak fè l fè yon lakou kote gen pyebwa, zwezo, dlo, gen tout eleman ki esansyèl. Se vizyon sa li bay de vodou a....

Anviwònman peristil Mariani an montre vizyon sa a. Malgre chalè solèy midi ki frape asfat la deyò a, nan lakou a, se bon jan van ki ap pote ba w yon konsè lanati ak chante tizwezo, dlo ki ap koule, fèy pye bwa ki ap souke kò yo, menmsi detanzantan, klaksonn ak motè machin ki ap kwaze devan pòtay la ap raple nou se lavil nou ye. Rachel byen konnen sityasyon sa a. Li abitye. Men sitou, li konnen kijan pou li fè ekilib la, pou li jwenn enèji ki nesè nan chak moman... Se tankou nan vodou a, nan keyi fèy, yon bò fèy la se pwazon an, lòt bò a se remèd la. Sa fè, yo blije gade bagay la sou tout bò yo. Epi, sa te fè pati

demach Max Beauvoir. Se yon demach li aprann nan pwosesis fòmasyon li pou li toujou kapab gade yon fenomèn « anwo ak anba ». Se se yon verite nan vodou. Konsa tou, nan Max, ou ta di nèg lasyans lan ak nèg savwa tradisyonèl la, te ap devlope men nan lamèn, kote li te marye 2 kalite savwa sa yo, ki pa reyèlman 2 dapre Rachel. – Dayè, pi fò savwa syantifik yo soti nan savwa tradisyonèl yo, depi Mwayenaj. Sivilizasyon arab yo, sidsaaryèn yo, azyatik yo te vrèman pi devlope toujou pase Lewòp pandan 12^{em} syèk la... Epi, lè mwen konsidere sans etimolojik savwa a, tankou yon bagay pou moun konnen, men tou, moun nan santi, li eksperimente, li manyen. Se lè sa a, li vin konnen li, li pa kwè li, se pa lafwa... Konsa, nan Max, byochimis lan ak houngan an pat nan goumen. Yo te rive viv byen ansanm. Se menmjan avèk yon ze. Ou kapab gade ze kri a, ou wè blan an, ou wè jòn nan, men an reyalye, se yon senbyoz.

Antwopològ la ap pote plis prezisyon :

Se awogans lasyans menm. Li vle parèt byen bèl, tou nèf, sa ta vle di, se li ki chanpyon. Se tankou lè yo te bay lamedsin ochan pou « laviktwa » sou maladi enfeksyon terib nan Lewòp. Paske, Lewòp pa gen avantaj pa nou. An Ayiti, omwen, lè gen gwo lapli, solèy soti demen, li seche dlo lapli a. Men, lè lapli sa a rete, li kaye nan nouvo site endistriyalize yo – paske se te nan epòk endistriyalizasyon – se te bagay grav. Karl Marx te lonje dwèt sou li anpil, Engels te denonse kondisyon klas travayè yo ann Angletè tou. Otorite medikal yo te toujou vle montre se gras ak antibiyotik, yo te rive rezoud pwoblèm lanmò mas yo, ki te ap tonbe anba

enfèksyon. Men, se te lit klas ouvriye ak travayè yo tou, se la **Commune de Paris**, se tout sa, ki te blije yo aplike regleman ijyèn piblik tou nèf, ki pèmèt moun gen dlo kourant lakay yo, ki fè gen evakyasyon vye dlo yo. Se tout reyalite sa yo, ki te pèmèt yon amelyorasyon nan eta sante popilasyon ewopeyen yo. Se yon fason pou montre ekzistans diferan kalite apwòch men nan men epi nan amoni. Se yon kesyon apwòch parapò ak reyalite a epi kòman pou jere li. Tout sa parèt nan lavi Max. Sa pa te deranje li. Se te yon moun ki te optimis anpil! Chak jou, se te yon konkèt! Li te toujou gen lide pou pwojè tou nèf. Max te viv asosyasyon nèg lasyans ak -houngan an trè byen. Demach sa a se yon eleman enteresan, ki ale pi lwen pase yon savwa. Ou pa fèt ak yon savwa, se yon bagay ki ap devlope, ki dinamik... Epi, se yon demach ki soti nan fòmasyon Max I, depi nan lekòl primè, paske li te etidyan Sen Masyal apre sa, li te ale **Centre D'Études Secondaires**— se te premye pwomosyon Centre D'Études Secondaires ak Max Chancy... Se ansanm ak nèg sa yo li te aprann devlope yon panse kritik.

YON BYOCHIMIS KI TE FÈ DEKOUVÈT

Nan fòmasyon Ati Beauvoir, te gen plizyè lòt sous. Apre papa li, Gesner Beauvoir, te fin etidye epi resevwa diplòm doktè kòm chirirjyen nan **Temple University** Ozetazini, nan ane 30 yo, li retounen Ayiti, epi se Doktè Beauvoir ki te montre, pitit li, Max peyi a. Max te grandi nan tout pwovens yo nèt: Okay, Senmak peyi manman li, Tigwav, Gonayiv, Okap, Mayisad, Tomond... Jiskaske li te kite peyi Ayiti nan laj 18 tan. Lè sa a, se te apre 1958 lè bagay yo te kòmanse mangonmen ann Ayiti, tout moun t ap voye pitit yo nan peyi etranje Li te ale Nouyòk, kote, pandan 3 lane, li te travay epi etidye anmenmtan. Men, se an Frans, nan **La Sorborne**, Max Beauvoir te resevwa diplòm Chimis li. Se an Frans tou, li te marye ak yon jèn fi, ki soti nan yon pwovens Lafrans, **Reims**, epi ki fouyapòt tankou li. Manmzèl te yon atis... Tout lakou peristil Mariani an montre sa. Tout kay ki nan lakou a se zèv atistik.

Men, yo te chwazi pran yon tan pou ale an Afrik, nan peyi Liberya, kote yo te jwenn yon travay nan min ferovyè yo. Apre yon tan nan Liberya, yo te ale Ozetazini. Max Beauvoir travay kòm direktè nan divès branch... Li retounen an Ayiti nan ane 1973. Se te apre lanmò Franswa Divalye, yon peryòd «liberalizasyon» rejim nan, ki te sanse ap akeyi jèn ki te fòme lòtbò ki vini mete savwa yo osèvis lanasyon. Se la, li te jwenn premye patant li pou dekouvet li te fè nan ji fèy pit,— Li te jwenn anpil fyète nan patant sa a.. Alepòk, te gen gwo plantasyon sizal (pit). Nan tout zòn Titanyen, rive jouk Monwi, se te pit, sou 2 bò, soti nan mòn yo rive nan lanmè a, soti Lakayè, kite Monwi lwen dèyè.

Sa ki te enterese papa mwen se pat pit la, se te ji ki soti nan fèy pit la. Li te jwenn ji a fasilman nan men yon kouzen li, moun Senmak nan Latibonit, Epi, li te travay ak ji a nan laboratwa. **JOUK LI RIVE DEKOUVRI YON TEKNIK KI PÈMÈT LI retire hecogenin** (ekogenen) nan ji pit la. Yon dekouvet ki te gen gwo valè nan lemond, paske jiska prezan **hecogenin** (ekogenen) se

baz ki pèmèt yo jwenn prednisone, (prednizòn) **cortisone**, (kòtizòn), tout medikaman sa yo, syantifik yo rele **corticostéroïdes** (kòtiko-estewoyid), ki gen yon pakèt itilizasyon nan lamedsin. Li te jwenn patant lan, li te plizoumwèn satisfè. Si li te vle, li te ka vann patant lan, epi retounen nan endistri famasi a, Ozetazini. Men, li te chwazi rete Ayiti, kote li te deja pasyone pou lòt sa li te ap gade yo.

YON HOUNGAN KI TE AP CHÈCHE AMONI

Sa ki te enretese Max Beauvoir, se te potansyèl plant yo. Epi, se lè sa a li te resevwa tradisyon famiyal la nan men granpapa è li, sou bò manman, nan Senmak, Men, Max Beauvoir, sou bò pa li, li pat pare ditou. Li pat menm konn sa ki te rele vodou a ... Fanmi an pat vrèman relijye. Rachel sonje epòk sa a :

Manman papa mwen te konn voye nou legliz, men rive yon laj, nou tout, apeprè, te sispann sou bò pa nou... Men, kesyon vodou a te vrèman enterese nou. Epi, fò mwen di manman mwen se te yon moun vrèman eksepsyonèl tou. Anmenmtan, manman mwen te fouyapòt, li te yon fanm je klere ou pat twouve fasil. Sa dòt moun te di, ki pa posib, manman mwen di poukipa? Ann ale! Kòman yon fanm blanch fè nan yon seremoni? Ann ale! Manman mwen pat janm gen pwoblèm sa a. l Li te entegre tèt li nètale. Epi, yo te vin antre nan vodou a, tout bon, fè rechèch nan vodou a, nan tout nivo. Yo te gen anpil diferan zanmi nan tout peryòd epi avèk yonn nan zanmi sa yo, patikilyèman, Thérèse Roumer, yo te enterese gen konesans sou l'hypnose (ipnoz). Yo te fè travay konparezon. Thérèse gen konesans sou relijyon endou yo: eta entrospektif, eta ekstrospektif, kisa trans la ye? Kisa ki eleman espesifik li?

Se konsa Max Beauvoir te vin inisyè houngan epi yonn nan pi gwo dekouvet li, se te yon fèy. Fèy monben. Fèy ki pi enpòtan pou vodouyizan. Tout vodouyizan genyen yonn nan lakou yo. Tout Ayisyen, ki inisyè, dwe konnen fèy monben an, se yon antiseptik trè puisan. Yon *antifongal*. Lè esklav yo oubyen Endyen yo te konn ap sibi pèsekisyon kolon yo, ki te ap pou-suiv yo, bat yo. Yo te gen maleng. Lè yo mete yo kouche sou fèy monben, menm moman an gen yon aksyon ki te fèt, tout vè te soti, yon aksyon natirèl, antisèptik. Sa, se yon dimansyon. Nan lòt dimansyon, li ta pwovoke rèv, favorize vwayaj inisyatik, sa mande rechèch ak demonstrasyon. Pou houngan Max, pa gen rezon pou w gade yon dimansyon, epi pou ou pa gade lòt la. Se sa ki fè, li te toujou gade bagay yo ansanm. Epi, vizyon ansanm sa a koresponn ak vizyon li te genyen sou amoni. Genyen yon amoni. Sètènman, amoni sa a toujou kraze, *l'équilibre des choses*. Mitoloji vodou an montre – paske gen yon mitoloji vodou – jis-teman, kalbas la kraze men pou li rekreye. *Fòk yo souke kalbas la, men anmenmtan, ou pral leve tèt pou w rekreye*. Rachel ap raple aspè enpòtan sa a nan vodou ki travèse konduit Ati Beauvoir. Se konsa, pou tout moun ki pase kay papa mwen – yo te anpil. Mwen sèten, papa mwen wè plizyè milye pasyan pandan karyè pwofesyonèl li, Ayisyen kou etranje. Gen moun ki toujou pèsevwa Max tankou yon hougan grannèg, se pa vre ditou. Li te pran swen moun ki te vin devan li. Li te apresye sa moun kapab

ba li anretou. Sa, se yon prensip de respwosite. Dayè, si w fè yon travay, epi moun nan pa peye pou travay la, travay la pap mache. Paske, oumenm menm, ou pa konprann enpotans sa yo ba ou a. Kidonk, nan tout moun sa yo li bay swen an, gen yon faz chak fwa, yon eleman eksperimantasyon w rejwenn kay tout doktè. Doktè a gen dwa di w pran tèl bagay, ou pral wè kòman li reyaji sou ou. Epi, sa te pèmèt li jwenn eleman ki trè fiks. Se tout lavi a sa, men, se te yon vi ki byen ranpli pou Max.

YON CHÈCHÈ, DEFANSÈ, ÒGANIZATÈ VODOU

Dimansyon konesans ati a te depase fwontyè Ayiti. Max Beauvoir te vwayaje an Afrik, avèk èd UNESCO pandan ane 70-80 yo. Li te ale, anpil fwa nan diferan peyi Afrik. Li te kontre ak moun ki enpòtan, tankou Honorat Aguesi, ki se yonn nan moun yo pi respèkte nan peyi Benen, yon doktè, ki gen yon sant rechèch. Li ranmase anpil konesans, sou tradisyon vodou an kreyòl, an kreyòl oubyen an franse, ki te bay yon savwa ki laj anpil, nan nivo sa a. Li retounen avèk kès plen liv, sou pi gran klasik, listwa Lafrik, wayòm afriken...

Nan peryòd koudeta a, (1991-1994) li te retounen Ozetazini, kote limenm ak madanm li te kreye sa yo rele *Le temple de Yehwe*, ki te genyen adèp nwa-ameriken, latino, epi yo te genyen priyè ledimanch, divès kalite aktivite. Sa, se te yon bagay esansyèl. Ozetazini, yo te rekonèt li tankou yon legliz. Se premye fwa vodou ayisyen an te gen rekonesans tankou yon legliz. Li te benefisye tout sa legliz te benefisye, epi te gen pawòl pa li tou. Ansanm ak kèk entelektiyèl, Max Beauvoir te lanse KoSanBa (Kòlòk Santa Barbara), yon asosyasyon etid vodou ayisyen Ozetazini, ki se yon regwoupman, ki fè rechèch sou vodou, ki te fè premye kongrè sou vodou, kote, ki te genyen prezans Patrick Bellegarde Smith, pitit pitit Dantès Bellegarde, ki se yon houngan, Claudine Michel, Lesly Desmangles, Lois Wilkin... Yon regwoupman – ayisyen, ameriken, lòt nasyon – ki travay sou vodou. KoSanBa kontinye egziste jiska prezans. Gran kesyon yo, se atikilasyon Ayiti ak peyi lòt bò dlo a, piblikasyon, tradiksyon nan 3 lang: kreyòl, franse, angle. Epi, prezans gwoup la nan milye ameriken an, ak nan milye ayisyen an. An Ayiti, gen Guerdes Fleurant, Vivianne Nicolas, ansanm ak Rachèl limenm. KoSanBa se yon bon estrikti pou defans vodou an. Yo toujou pran lapawòl nan jounal entènasyonal, pou denonse move zak ki fèt kont vodou a. Genyen, Kate Ramsey, ki ekri, dènyèman, yon liv¹ enpòtan sou vodou pandan lokipasyon, kote li presize pèsekisyon vodou a te sibi nan epòk la. Epi tou, chak fwa, gen yon mobilizasyon, tankou lè Prezidan Matélly te retire, siprime atik ki te nan konstitisyon an, ki te pwoteje espesyalman vodou a, KoSanBa te la. Se atik ki te mande pou sispann arete vòdouyizan, jan sa te konn fèt lontan an.. Atik la gen 3 alineya: Premye a pou vòdouyizan yo. Lòt la pou lachas anti kont kominis lan fini nèt an Ayiti nèt. Epi, twazyèm nan, se te sou estati legal Vale Latibonit, ki te pèmèt yo separe Latibonit.

1. <http://press.uchicago.edu/ucp/books/book/chicago/S/bo10454972.html>.

Se te yon kesyon trè sansib, paske jiska lè jouk rive nan tan sa a, moun tap batay pou tè. Anpil moun mouri. KoSanBa te jwe yon wòl enpòtan nan tip kalite denonsyasyon sa yo.

YON POTORIK GASON POU VODOU A

Dapre Rachel, plis pase yon modèl, Ati Beauvoir se yon sous enspirasyon sitou nan fason makònay la fèt ant nèg lasyans lan ak houngan an. Gen 3 bagay nou ka konsidere kòm pi gwo kontribisyon Max Beauvoir:

Edikasyon ayisyen sou vodou

Se vre jodi a, gen kote yo pa kab pale sou sa ditou. Men, se pa menm bagay ak lè mwen te piti. Mwen panse vodou a gen plas li nan sosyete a. Pa gen pèsonn moun ki kab retire dwa sa a vòdou deja genyen an. Li ka toujou gen plas li nan sosyete a, men tankou yon ranyon, yon mòp sal, pou lè moun vini. Li pa sou moun. Men, moun kontinye vin isit la, moun tout nivo, tout kalite moun, vodou a resevwa yo. Sosyete Ayiti a te toujou wè vodou a tankou yon bagay ki sal. Men non, vodou a pa yon bagay ki sal. Max te vrèman pèmèt tabli yon deba fran nan sosyete a sou kesyon sa a. Li te ale nan radyo nasyonal, premye emisyon sou vodou alepòk, se te sou Jean-Claude toujou, se te avèk madam Nazon li te fè diskisyon sou kesyon vodou, lanse li pèmèt li pale, ale nan *Le Nouvelliste*, reponn tèl atik tèl filozòf ayisyen te ekri, paske filozòf sa a li te di kòman fè yo di gen yon filozofi vodou. Wi gen yon filozofi vodou! Filozofi vodou a, se sa ki bay yon filozofi ayisyen. Max te defann li. Tout sa, pandan li ap pousuiv yon objektif imedyà, men, anmenmtan an tou, li bay prezans! Li te nouri paj *Le Nouvelliste*, paj *le Nouveau Monde*, jounal ayisyen yo, mete deba a deyò. Anmenmtan, te gen seremoni piblik preske chak swa, kote yo te di aklè, se te seremoni otantik, se pa fòklò, se pa cho touristik. Kote Max te konn fè yon entrodiksyon sou sa ki vodou a, sou sa yo pral wè a, sa ki fè se yon seremoni otantik. Li te kondanse yon seremoni ki konn plen moman, kote moun pap fè anyen., nan 2^{ed} tan, kote ki te genyen trans, kriz posesyon veritab, moun pa ta ka wè lòt kote. Dayè, Bill Clinton te ekri sa nan liv istwa lavi li, kote li montre seremoni an te enpresyone li. Men, entwodiksyon an pat anyen, seremoni an pat anyen, se rete jiska 3^{ed} dimaten ap pale avèk yon bann obsèvatè, ki te tout bagay la. Epi, mwen pa janm wè Max mete moun deyò. Tè gen yon travay! Redi, pasyans, w ap konstwi san, moun yo pa rann yo kont. Men, nou nan yon tan, kote nan sosyete ayisyen an gen move eleman, afè «kon li cho li kwit la». Mwen ap gade jennjan ki ap pale pafwa, yo pa rann yo kont kote msye ye a, ki kantite travay li fè pou li rive la. Yo panse yomenm, demen maten, yo ka la tou. Men, travay konstriksyon, travay pasyans, li fè menm lè milye a pa enterese a nan sa li pa kapab fonksyone. Li te pran tan pou kiltive jaden li, travay avèk fèy yo, pousuiv trètman yo, pou lè milye a bon, frape ankò, reparèt deyò, sa mande yon gwo travay.

Estriktirasyon vodou ayisyen an

Houngan Max Beauvoir jwe yon gwo wòl nan òganizasyon vodou a, apre 1987, pou vodou an mete tèt ansanm, pou konstwi yon oòganizasyon ki kapab reponn lè yon enstitisyon vle fè yon kanpay sansibilizasyon sou pwoblèm kou : lasante, alfabetizasyon oubyen nenpòt lòt kesyon, pou li jwenn yon estrikti ki kapab responsab sa.. Max te tabli yon rezo fomèl vodou, menm lè se pa tout manbo oubyen hougan ak vodouyizan ki te vle antre ladan li. Sepandan, egzistans estrikti sila a fè yon diferans. Sa pèmèt vin genyen dekrè lwa Aristide la an 1991, ki rekonèt vodou kòm yon relijyon total kapital epi ki ta dwe ka reyalize maryaj, lan tèman... menm lè kesyon sa yo mande lòt kalite deba.

Piblikasyon travay akademik sou Vodou. Premyèman, se **Lapriyè Ginen** li an, Près Nasyonal te pibliye. Se pa yon ti travay. Se rezilta 20 lane rechèch, se te kasèt sou kasèt. Gwo travay transkripsyon chante yo, korèksyon ak òganizasyon yo, pou pwodui refleksyon sou yo. Se anmenm tan, yon materyèl san analiz li livre bay chèchè yo. Menmsi nan entwodiksyon yo, li bay yon vizyon lemond – ki mande deba, paske, dapre Rachel, ati Max Beauvoir te renmen deba. *Gen yon aspè nan travay la ki vin deplizanpli relijye. Li te komanse ap apresye dimansyon sa a. Mwen pa menm konn si mo relijye a se sa, men mwen pa ta renmen sèvi ak mo mistik la nonplis. Men, se petèt dimansyon espiyèl la. Apre sa, se **Gran Rekèy Sakre** a ki genyen yon kantite chante ki bay yon vizyon di mond tou, gen yon pakèt eleman istorik ladan li, ak eleman filozofik tou. Ansanm ak 2 chèchè nan Smithsonian (Ozetazini) li te pibliye **300 fèy medisinal**. Apre sa, nou te travay anpil ansanm sou kisa ki trètman vodou a. Diferan dimansyon trètman nan vodou, soti nan senp, senp sa yo rele senp lan, rive nan sa yo rele trètman maji an – pa nan sans sosèlri, men nan sans kapasite pou transfòmè. Gran trètman pa ka fèt san sa, ki konpleks anpil, ki enplike travay ak diferan, plizyè aspè nan nanm nan, ki deja yon konsepsyon trè konpleks nan vodou a, kote moun nan pa gen yon nanm, men gen tibonnanj, gwobonnanj, ekstera. Sa se te sijè yon lòt atik li te ekri. Mwen konnen tou, yo te solisite li anpil tou, nan dènye tan li yo, pou atizay (**Les Arts**). Mwen konnen pandan li te Ozetazini, li te ekri atik sou penti, eskilti, teyat, teyat popilè, teyat vodou a...*

YON SOUS ENSPIRASYON POU JÈN CHÈCHÈ

Ati Max Gesner Beauvoir mouri nan laj 79 an, li te fèk genyen laj la. Anpil etidyan fakilte etnoloji, ki te konn vini wè ati a tout tan, te admire li anpil pou reyalizasyon materyèl li yo nan lakou Mariani – ki parèt tankou siy yon reyisit sosyal – sa te te enpresyone yo : Yon sal konferans ki ka resevwa 50 moun chita, ki genyen poto mitan pa li, gen peristil la, gen 3 badji, yon pakèt espas. *Men, se nan chita pale ak Max, yo dekouvri kantite konesans li te akimile nan tèt li, li te gen laswaf pataje nan angaje dyalòg ak yon veritab ouvèti lespri. Se te yon **homme du monde**. Li te vwayaje an Afrik, Lewòp, Amerikdinò, dènyèman, li te ale Brezil li te al prezante vodou a pami tout gwo manbo, konferans entènasyonal afwo dyaspora, gwo malalaw! Li te resevwa anpil onè. Konsa, tou li te enterese travay sou etik, kòd etik, pou vodouyizan, pou asosyasyon vodouyizan, menm pou kandida alaprezidans. Se yon moun ki soti nan yon lòt jenerasyon, yo konn rele ansyen ayisyen yo. Pou yo menm, gen bagay ki pa dwe fèt, ki pa kòrèk. Se moun ki te gen nosyon respè, imilite. Kèk-lanswa moun na, n li merite respè. Moun nan te mèt yon toupiti devan w, ou ap gade li konsa, ou pa dwe imilye li, ou respèkte li tou. Chyen, tout bèt, merite respè. Viv an amoni... travay sou etik. Epi, Max te genyen anpil modesti lakay li.*

MAX : MAKONAY SAVWA TRADISYONÈL AK SAVWA SYANTIFIK NAN AVANSMAN AYITI

Max te pote eleman pou devlope yon savwa ayisyen, ki limenm pa akote, men ki pral entegre tèt li nan savwa mondyal la. Yon savwa ayisyen, ki genyen espesifisite pa li, men, ki pa tounen yon suivè ki pa gen anyen li ap pote ! Poutan, Ayiti se yon Nasyon ki pran lendepandans nan yon moman difisil, ki konstwi kreyòl, ki konstwi vodou a, ki se yonn nan eleman kiltirèl ki pi fò nan lemond. Tout sa se matris yon savwa ki miltidimansyonèl tankou yon liv ak anpil tòt epi ki ge genyen yon koneksyon ak kote mou nap panse. Se la, Inivèsite a gen wòl li, nan lide pou gen yon akademi. *Akademi kreyòl ayisyen an, se yon ti moso ki antre nan yon pi gwo bagay : yon akademi sou savwa ayisyen. Ki limenm ta entegre, san bri san kont, tout sa ki ap fèt nan nivo teknolojik, syantifik, syans sosyal, syans natirèl epi anmenm tan savwa popilè yo...* ■

Rachel Beauvoir est anthropologue, actuellement professeur à la Faculté des sciences humaines et à la Faculté d'ethnologie de l'Université d'État d'Haïti. Elle est aussi membre de KoSanBa (Kolòk Santa Barbara), structure de recherche, de promotion et de défense du vodou haïtien, créée aux États-Unis. De même, Rachel est membre de FPVPOCH. (Fondation pour la Préservation, la valorisation et la production d'œuvres culturelles haïtiennes) <http://fpvpoch.atspace.org/> ainsi que de la Fondation Ayizan Velekete, dédiée à l'accompagnement des *lakou*. <http://www.geocities.ws/fondationayizan/>

Ary Régis est communicateur social, directeur de Sosyete Animasyon ak Kominikasyon Sosyal (SAKS), professeur et directeur du Département de communication sociale à la Faculté des sciences humaines de l'Université d'État d'Haïti, doctorant en sciences de l'éducation à l'Institut des sciences, des technologies et des études avancées d'Haïti (option Formation à distance et e-Learning). regisary@yahoo.fr